Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гъаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 1 сентябрь Рузман №35 (7796) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багъа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Барки

## Жакъа районалъул школазда байбихьана цIияб цIалул сон




ХIурматиял мугIалимзаби, тарбиячагIи, цIалдохъаби ва цIалдохъабазул умумул!

РакI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щвараб лъаялъул къо-1 сентябрь!

Кидаго гIадин, нилъеда цебе чIун буго кIвар цIикIкIараб суал - лъикIаб байбихьигун иргадулаб цIалул сонги дандчIвазе, ва лъикIал хIасилалгун гьебги рагIалде бахъине.

Пачалихъалъулги аслияб масъала ккола лъикIаб даражаялъул камилаб лъай лъималазе щвей ва гьелъие гIурал шартIал гIуцIи. Гьелде районалъул нухмалъиялъги кIудияб кIварги кьолеб буго.

Жакъа баркалаялъе мустахIикъал руго киналго учительзаби, тарбиячагIи, районалъул лъай кьеялъул тIолалго хIалтIухъаби. Нужер ракIбацIцIадаб ва жигараб хIалтIуда бараб буго цIалдохъабазул цIалул хIасилги, гьезул букIинесебги.

Гьаруна нужее щулияб сахлъи, гIакъиллъи, сабру ва гьабулеб ишалъулъ икъбал.

Баркула нужеда цIияб цIалул сон!

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

1973 соналъ Дагъистаналъул пачалихъияб педагогикияб институтги лъугIизабун Агъвали гьоркьохъеб школалде гIурус мацIалъул ва абадияталъул учительницалъун хIалтIизе ячIана Шамхалова ПатIимат ГIабдулаевна.



Гьелдаса нахъе хиси гьечIого жакъа къоялдаги хIалтIулей йиго гьей Агъвали гимназиялда.

ПатIимат йиго хIалбихьи бугей, жиндирго предмет лъикI лъалей педагог. КIикъоялда анцIго сон хIалтIуда аниги, жакъаги ракIбацIцIадго хIалтIулей йиго гьей. Гьелъие нугIлъи гьабула гьелъул цIалдохъабаз ЕГЭ кьолаго рихьизарулел лъикIал хIасилаз. ПатIимат ккола «РСФСРалъул лъай кьеялъул отличник», Дагъистаналъул мустахIикъай учительница ва кIудияй преподаватель.

Гьелъие хасиятаб буго ракIбацIцIалъи, ритIухълъи, жавабчилъи, намус бацIцIалъи ва гIаданлъи буголъи.

Баркула ПатIиматида тIаде щвараб цIияб цIалул сон. Гьаруна сахлъи, рохел, талихI, гьабулеб ишалъулъ икъбал.

. . . . . . . . . .

Жакъа 50 сон тIубала Гьигьалъ росдал школалъул авар мацIалъул ва маданияталъул учительница ХIажиева Зайнабица захIматалъул нух байбихьаралдаса.

1973 соналъ Буйнакскиялъул педучилищеги лъугIизабун гIолохъанай специалист Зайнаб ХIажиева ячIана Гьигьалъ росдал гьоркьохъеб школалде байбихьул классазул учительницалъун хIалтIизе. ХIалтIудаса тIечIого лъугIизабуна гьелъ Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул филологияллъул факультетги.

Зайнабил цIалдохъабаз районалъул ва республикаялъул олимпиадабазда ва конкурсазда кидаго рахьизарула лъикIал хIасилал. ХIалтIулъ рихьизарурал лъикIал хIасилазе гIоло гьей мустахIикълъана «РФялъул лъай кьеялъул ХIурматияй хIалтIухъан» абураб цIаралъе ва гIемерал грамотабазегун сайгъатазе.

Зайнаб йиго хIеренай, калам берцинай, ракIбацIцIадай, гьудулгьалмагълъи ва гьалбал хирияй гIадан. Дагъаб цебе, 1 августалда гьелъул тIубана гIумрудул 70 сон.



Баркула Зайнабида гIумрудул ва захIматалъул юбилеял ва цIияб цIалул сон.

Гьаруна щулияб сахлъи, рохелгун талихI ва гьабулеб ишалъулъ икъбал.

. . . . . . . . . .



РикIкIадаб Волгоградалдасан ячIун исана кIиабилеб сон буго Хушет школалда директорасул заместительлъун хIалтIулей Ольга Борисовалъул. 2000 соналъ Волгоградалъул педагогикияб университетги лъугIизабун гьенийго учительлъун байбихьана гьелъ захIматалъулаб нух. ХIалтIана телевидениялда, социалияб рахьалъ халкъ цIуниялъул идараялда.

Гьей гIуна педагогазул хъизаналда гьорлъ. Гьелъул эбел-эмен ккола педагогал, вацфилологиял гIелмабазул кандидат.

Баркула Ольга Витальевналда цIияб цIалул сон. Гьарула сахлъи, рохел ва хIалтIулъ лъикIал хIасилал.

## Августалъулаб совещание

30 августалда Агъвали тIобитIана «Лъай кьеялъул гIатIилъи: лъай ва тарбия кьеялъул качество борхизабиялъе ругел цIиял ресал» абураб темагун районалъул педагогиял хIалтIухъабазул сонайилаб августалъулаб совещание.



Тадбиралъул хIурматиял гьалбалгун рукIана районалъул бетIер Шамил ГIумаров, районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухIамад НурмухIамадов, райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадов, МВДялъул районалда бугеб отделалъул нухмалъулев Камал ГIабдулхIакъов, лъайкьеялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул райкомалъул нухмалъулев Заурбег МухIамадов.

Дандеlъи рагьана районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГIабдусаламовалъ.

Педагогикиял хIалтIухъабазда тIаде щолеб цIияб цIалул сон ва лъаялъул къо-1 сентябрь баркун кIалъазе вахъарав районалъул бетIер Шамил ГIумаровас бицана лъайкьеялъул даража борхиялъе районалда гьабулеб хIалтIул. Аслияб куцалъ гьес тIадчIей гьабуна гIун бачIунеб гIелалъе рагъулабгун патриотикияб тарбия кьеялъул суалалда. Баркала кьуна учительзабазе Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазе гьабулеб материалиябгун моралияб кумекалъухъ.

Гьединго районалъул бетIерас бицана цIалул даража борхизабиялъе гьаризе ругел ишазул, бицана хадубккун медалистазе гIарцулал сайгъатал гьаризе рукIиналъулги.

«Лъай кьеялъул гIатIилъи: лъай ва тарбия кьеялъул качество борхизабиялъе ругел цIиял ресал» абураб докладгун кIалъазе яхъана районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГIабдусаламова.

Районалъул лъайкьеялъул хIалтIул система лъайкьеялъул рахьалъ федералиябгун регионалияб политикаялъул масъалаби тIуразариялде балагьизабураб бугилан байбихьана гьелъ жиндирго кIалъай. Гьелъул аслияб мурад ккола цIияб лъай абуна Зайнаб ГIабдусаламовалъ лъайкьеялъул цогояб идеология букIинабиялъе ращадал шартIал чIезари. Гьелъ тIадчIей гьабуна тарбия кьеялъул суалалда тIад. Бицана гьелда сверухъ гIуцIун ругел программабазул, гьединго профориентациялъул, лъималазул сахлъи цIуниялъул, лъайкьеялъул даража борхизабиялъул, араб цIалул соналъ районалъул цIалдохъабаз ТIолороссиялъул олимпиадабазул регионалияб этапалда рихьизарурал хIасилазул.

Жиндирго кIалъаялъул ахиралда лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулелъ баркана педагогикиял хIалтIухъабазда цIияб цIалул сон, гьарана гьезие сахлъи ва хIалтIулъ лъикIал хIасилал.

Докладалда тIасан кIалъазе рахъана «Движение первых» абураб лъималазулгун гIолилазул жамгIиябгун-пачалихъияб багъарбачариялъул районалда йигей координатор ТIавус ЯхIяева, Агъвали гимназиялъул директорасул тарбия кьеялъул рахьалъ гIакълучи Пайканат ХIадисмухIамадова, лъайкьеялъул управлениялъул методист Рукъигат ГIабдусаламова, ТIинди росдал школалъул директор АхIмад Мусаев ва районалъул лъайкьеялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул райкомалъул нухмалъулев Заврубег МухIамадов.



Дандеlъиялда гьединго кIодо гьаруна хIалтIулъ лъикIал хIасилал рихьизарурал учительзаби ва тарбиячагIи.

# Хушетибе щвана анищаб нух

**Араб рузманкъоялъ Хушет рохалилаб ахIвал-хIалалда тIобитIана машинадул нух рагьиял байрам**

**Нухал-гIумрудул бидурихьал**

ЗахIмат буго жакъа къоялда жаниб, инсан цIвабзазухъеги щведал, ралъдал тIиндеги ваккидал, гIумрудул бидурихьлъун кколеб шагьранух гьечIеб росу-ракь цебе чIезабизе.




ГIемер захIмалъаби хIехьезе ккана хушетисез Эчеда - майданалдаса эхеде машинадул нух гьечIолъиялъ тIеренаб сухъмахъ нухдаса хIамузда росулъе къайи-къоно, къваригIараб тарабщинаб баччунаго, хасго захIмат букIана мина базе материал, рукъалъул къайи-къоно баччизе. Хаслихъего хIадур гьабизе кколаан квентIехалъе къваригIарабщинаб, гIазу бан хадуб нух къани, ихдаде гурони рагъулароан.

Жакъасеб гIелалда гIумрудул кIвар кинаб кколебали бичIчIи захIматаб иш буго, гьел гьелде ругьунал рукIиналъ, амма нилъ чIахIияб гIелалда жеги кIочон гьечIо анцIгоги, къогоги соналъ цебеги районалъул таманал росабалъе букIинчIеб нухлул тарих, халкъалъе гьезул букIараб ва бугеб кIвар. Тарихалде ана доб замана: гьал къояз ахир лъуна къоло цоабилеб гIасруялдаги нухал гьечIезул къеруль рехсолеб букIараб нилъер районги.

Аллагьас лъикIаб гурони бихьа-рагIизе хьван батугеги гьал къояз унголъунги, цIалеб хIухьелгIанги чара гьечIеб гIумрудул бидурихьлъун жиб лъугьараб Хушет росулъе бахъараб шагьранухда.

«ХъахIаб лъар» ва цогидалги тарихияв бакIалги нахъа тун, щвана ниж росулъе. Бицун хIал гIолареб берцинлъи гьелъул, хасаб чIагольи кьолел, рахъ-рахъалде рехарал, гIатIидаб расалъиялда хIалхьарал кулаби, бищунгоги нижее асар гьабурал гамчIица тIикъварал тIохал.

Нух рагьиялда бан рохел бугелъул, хушетдерида чанги бихьараб кьварилъи-захIматалъул, парсахъе роргун кодоре щвечIезул, къватIисан тушманас рачIарал балагьазул бицинчIого тела, гьеб халкъалъул ракIазулъ даим хутIила. ТIасияб соналъул байбихьудаго гIатIид гьабизе хIисабалдеги босун бугелъул гIумрудул бидурихь-нух, лъикIалъулги бицун тела жакъа…

**Байрамалъул багъадурзаби**

Аллагьас районалъе, хасго Ункъракьалъе витIарав сахаватчи, кьураб рагIул кьучIав бетIергьан, Халкъияб Собраниялъул депутат Камилов АбдурахIман лъаларев чиги ватиларо. Метрада росдал рагIалде щвезегIан гурони букIинчIеб машинаби хьвадизе ярагъунеб нух Хушетибе щвезегIан бахъизе хIаракат бахъана гьес. Цин цебехун ун, хадуб батIи-батIияв гIиллабазда бан, моцIаз чIун хутIун букIараб нух бахъиялъул хIалтIул ахир-къадги авал гуребги, рагIалги бихьана. ТIадхъварщинибе щвезегIан нух бахъиялда дагьа-макъаб кверчIвай хIукуматалъулги букIана, хадусеб нух, рагIиги ккун, ГIабдурахIманил сахаватлъиялдалъун бахъана. РикIкIадасан чIегIераб сухъмахълъун кколеб шагьранухдаса росулъе рохалил тадбиралда гIахьаллъун хушетдерил рохел бикьизе рачIунезул кьеркьерал машинабазул читIиралъ бицине захIматаб асар гьабулеб букIана киназулго ракIазе. ЧIиргьихъиялда рекерун, гьезда дандчIвай гьабизе унел росдал лъималазул рохалие гIурхьи букIинчIо. Дагьал чIахIияз понцIерабигун байрахъаздалъун къачIан, хIадурана хирияв гьалбадерие багIараб чIоло кьотIизе бакI.

Щам-чедгун, миллияб кванил нигIматалгун дандчIвана районалъул бетIер Шамил ГIумаровасда, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутатал ГIабдурахIман Камиловасда ва МухIамадхан ГIарациловасда, Дагъистаналъул транспорталъулгун нухазул магIишаталъул министр Жамбулат Салавовасда, Дагъавтодоралъул нухмалъулев Рустам Закариевасда, меценатал КъурбангIали ГIумаровасда, Абакар Жамаловасда, АхIмад ГъазимухIамадовасда, эркенаб гугариялъул рахъалъ Европаялъулгун СССРалъул чемпион Ихаку ХIайдарбековасда ва цогидалги гьалбадерида.

Къирал сверухъчагIаз гьавулин аби буго халкъалъул. Гьелъухъего, цохIо ГIабдурахIманица хIалтIи гьабун лъугIулеб жо букIунаро нухги. Гьелъие техникагун цадахъ бажарун, махщалида гьеб хIалтIизабулел хIалтIухьабиги, проектировщикалги хIажалъула. 2016 соналдаса нахъе Хушетибе унеб нухлул хIалтIул удаман ГъазимухIамад ХIасановасул нухмалъиялда гьоркь хIалтIана ГIашалиса кьурабив кьвагьулев (взрывник) Султанов ГIалиасхIаб, Зехидаса экскаваторщик МухIамадрасулов АхIмад, Сагьадаса бульдозерист МухIамадов МухIамад, техникаялда хадур - цере хIалтIарал росдал хIаракатчагIи ГIабдулмуслимов Каримула, ХIусенов ХIасан, ТIайгибов ТIайгиб, Ибрагьимов ХIасан ва гIемерал цогидалги.

**Баркиял ва баркалаби**

Кинаб байрамха букIинеб баркиялгун баркалаби гьечIеб?! Баркиялъулалгун баркалаялъул кIалъаял гьаруна Ш. ГIумаровас, ГI. Камиловас, Ж.Салавовас, М. ГIарациловас, И.ХIайдарбеговас, Р.Закариевас, Къ.ГIумаровас, М. НурмахIамадовас, М.Рамазановас, Ж. ХIажимухIамадовас, М. Окиевас ва цогидазги. Цадахъго букIана гьалбадерие сайгъатал кьейги: гьел кIодо гьариги.

Киназулго гьара-рахьи букIана рохалие гурони гьитIинаб росдал нухдаса кватIибе гали бахьине хьван батугегиян.

-Жакъа гьаб нухдасан щибго хIинкъи гьечIого нилъ борхатаб Хушет рахиялъе «гIайибиявлъун» ккола гьеб бахъиялъе, сундухъго балагьичIого, нахъе къай гьечIого кьеркьарав жакъасеб къоялъул багьадур ГIабдурахIман Камилов,-ян байбихьана Жамбулат Салавовас. Министрас абуна тIасияб соналъ 13,6 км нухлул гIатIид гьабиялъе гIарцулал сурсатал риччазе ругилан проектаялъулгун сметаялъул документал рагIалде рахьаралго.

Гьес жиндирго ва Сергей Меликовасул рахьалдасан ракIракIалъ баркана нух бахьи ва рагьи.

-Нух букIинчIо, жакъа гьеб буго. Дица рагIи кьун букIана гьеб бахъизе. Дихъа гьеб хIалтIи бажарана Аллагьасул кумекалдалъун. Баракаталъе, рохалие, ракълилаб букIинеселъе гIоло хIалтIизабизесеб батаги,-ян къокъабго цевевахьин гьабуна ГIабдурахIман Камиловасги.

-Баркула нужеда ва тIолго районцоязда гьаб рохалилаб лъугьа-бахьин. Аллагьас кири кIодо гьабеги киназулго. Баракат, рохел гьарзаяб батаги шагьранух,-ан абуна Шамил ГIумаровас.

Хьвадарухъанлъиги политикаги рехун тун, жамагIаталъул газа кьурда рекIинабизе, росу цебетIезабизе, гIун бачIунеб гIелалъе тарбия-лъай кьезе хIаракат бахъизе ахIана районалъул бетIерас хушетисел.

-Кьураб рагIуе хилиплъичIев, нижер халкъияв багьадур, хушетдерил хIурматияв инсан, ГIабдурахIман Саидович, ракI-ракIалъулаб баркала дуе. Ниж гIадин, Аллагьги разилъаги дудасан,-ян абуна жиндирго кIалъаялда Хушет росдал бетIер Мурад Окиевас гIорхъи гьечIеб жидер рохелалъухъ баркалаги загьир гьабулаго.

Сверухълъиялда цIад балеб букIаниги, Хушетиб гьеб къоялъ букIана лъикIаб гьава-бакъ ва роцIараб къо. Гьелъ рес кьуна росдал байрам берцинго тIобитIизе.

Тадбиралъул ахиралда хушетисез гьалбадерие гIуцIана лъикIаб гIодорчIейги.

Байрам ана рохалида, берцинаб ахIвал-хIалалда, цоцазда нух рагьи баркулаго ва баракатаб батагиян гьари-дугIа гьабулаго.

Цо-цоккун гьалбалги хушетиселги рикьа-риххана. КамичIо хушетдерил тIабигIаталъ хIайран гьурурал туристалги: мотоциклаздаги (байк) рекIун цо тIел ана гуржиязул гIорхъодахун бугеб Черо колодехун.



ЦIияб нухгун цадахъ цIияв асаралги камиларо нухлулазе, сапар-сагIат лъикIаб батаги гьенисан унезе.

Баракатаб батаги хушетисезе «ГIумрудул нух»!

**ГI. Малачдибиров,**
**Х. Залимханова**

ГIадамал ва гIумру

# Росулъ шартIал гIуцIулел руго

Районалъул росабалъ лъикIлъулел руго гIадамазул гIумруялъе санагIатал шартIал. Гьелъие квербакъулеб буго районалда гIумруялде рахъунел миллиял проектазги, жамагIаталъул гъунккиялъги.



Гъоркьгъакваридал жакъасеб гIумруялъул хIакъалъулъ бицун дица гара-чIвари гьабуна росдал администрациялъул бетIер Рашид АхIмадовгун.



**-Рашид, кинал шартIал гIуцIун ругел росулъ гIадамазул гIумру-яшав лъикIлъизабизе?**

-Росулъ буго гъоркьохъеб школа, почалъул бухьеналъул отделение, фельдшерлъиялъулгун акушерлъиялъул пункт, библиотека, маданияталъул рукъ, спортзал, лъималазул ах. Араб соналъ ФАПалда гьабуна капиталияб ремонт. КДЦялъул мина къачIазе хIадурун руго хIажатал документал. Лъималазул ахалда буго кIиго группа, школа хьезабун буго нижерго специалистаздалъун.

Исана республикаялъулаб «БакIалъулаб байбихьи» абураб программаялда рекъон мажгиталда цебе подрядчик «Газтехинжсети» ОООялъ балеб буго хIажалъи ккаралъе жамагIат дандебуссине бакI. Гьединго цIигьабун балеб буго мажгиталъул минара. Гьелдаго цадахъ ГIабдурахIман Камиловас байбихьун буго кIудияб хIалтIи. Росу бакъулъан лъар унеб кIал, кIудияв диаметралъул трубабиги лъун, ракьул цIезабуна ва гьениб букIараб годекIан гIатIид гьабуна. Пикру буго гьениб лъималазул байдан, гIадамазе хIухь бахъиялъе парк ва машинаби лъезе байдан гьабизе.

Росулъ газалдаса пайда босиялъул суал буго халат бахъунеб. Гьелда хьулги лъун росдал гIадамалги руго. БатIи-батIиял гIиллабиги ратун, газпромалъул хIалтIухъабиги щолел гьечIо гьенире ругел гIунгутIабиги ритIизаризе.

Нухазул суал кваш гьечIо.Кидаго камуларо нухда хIалтIулеб трактор. ГьабсагIат цо хвараб тIагIел хисизегIан чIун буго. Нухазул участкаялда балагьун чIечIого нижецаго къачIала нухал. Буго нижер кIиябго росдае (Гъоркь ва ТIадгъаквари) ГIабдурахIманица кьураб трактор. Гьеб хIалтIизабулеб чиги росулъа вас вуго. Камуларо нухазул участакалъулги нижее гьабулеб кумек. Кулобазде ва магIарде нухалги гьарун гIадамазе санагIалъаби чIезарун руго гIи-боцIи хьихьизе. Росулъан кулобазде, магъилъе ва магIарде рахъарал нухазул халалъи ккола лъабкъоялда анцIго километр. Гьеб хIалтIи гьабуна жамагIаталъул гIарцудалъун. ИчIго километралъул манзилалъ шагьранухги бахъун росулъе бачана гьекъолеб лъим.

Аслияб куцалъ нижехъги гIадамаз бетIербахъи гьабула гIи-боцIи хьихьун, пастIан ва ах-хур хIалтIизабун.

Росулъ буго хIалтIулеб кIиго КФХ. БатIи-батIиял программабаздаса пайда босизе гьезие кумекги гьабула. Социалияб контракт хъван цояз росана найи, цогидаз босана чIегIербоцIи. Руго гьутIби чIун ахал лъуралги.

**-Кин гIуцIун бугеб росдал администрациялда ВУСалъул хIалтIи?**

ВУСалъул хIалтIухъанас гIолилазухъе щвезарула повесткаби. Нижер росулъа армиялда хъулухъ гьабулев вуго щуго гIолохъанчи. Дирго вас вуго армиялда хъулухъ гьабулев. Росулъан кIиго гIолохъанчиги вуго Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялда.

**Рашид, баркала гара-чIвариялъе заман батиялъухъ.**

**Заур Бадрудинов**

Медицина ва гIумру

# ГьитIинаб пенсияги, багъа борхизабурал дарабиги

Гемодиализ ккола ургъисал унтарав, гьел хIалтIуларев чиясе чара гьечIого би хисизе ккoлеб процедура. Анкьида жаниб лъабго нухалъ гьабизе ккoлеб буго гьеб унтарасе. Гемодиализалъ би бацIцIуна, унтарасул бидулъ ругел заралиял токсинал нахъе гьарула.

МугIрузул районазда гIемер руго ургъисалал унтарал, гемодиализалде хIажатал гIадамал. Гьезул ахIи буго, мугIурузул районаздаса жал анкьида жанир лъабго нухалъ рачIине ккoлел ругин шагьаралде 150 - 200 км. нухлул манзилги тун.

Киназулго гуро ресалги, шагьаралда чIезе рукъ-бакIги бугеб. Гемодиализ гIужда щвезе ккани, гьел шагьаралда рукъ ккун чIезе ккoлел руго. ГьитIинаб пенсияги, туристал багъанаде ккун багъа зодобе бахарал рукъзалги - кинго данде ккoлеб гьечIо. Унтарав чи хвезейищха ккoлев? Къогоясдасаги цIикIкIун чи гемодиализалде хIажатав унтарав вуго ЦIунтIа, ЦIумада, Болъихъ, ГIахьвахъ ва Гумбет районаздаги. Гьел руго киналго тIоцебесеб группаялъул инвалидал хIукуматалъул букIа, коммерческиял бакIазда букIа, чорхол сахлъиялда бан, кирго хIалтIизе санагIат ккoларел.

Гьезул суал-гьари буго, гемодиализ гьабулеб кабинет Болъихъ рагьизе абун. Гьениб кабинет рагьани, тIадехун рехсарал районазе гIагардаги букIина.



Гъоркьехун бахъулеб буго МухIамадов МухIамадилгун (Гъванка) ккараб гара-чIвариги.

**-МухIамад, кигIан замана бугеб дур гемодиализ гьабулев? ХIажатал дараби щолищ?**

-Гемодиализ гьабулев щинав ккола тIоцебесеб группаялъул инвалид. Ниж руго гIумруялъе хIинкъи цIикIкIараб унтиялъул гIадамал. Дун дида лъалелде больницаялде вачун ватана гемодиализ гьабулеб бакIалдаса, гьелъ чорхое хиса-басиги ккезабун (реакцияги кьун). Дунго гьазда гъорлъ сахлъиялъул рахъалъ дагьав мадаралда вугев чи вуго, гIолохъанаб мехалъ спортсмен вукIиналъгун черх лъадариялъги батилаха. Дарабазул рахъалъги бещизегIадаб хIал гьечIо. Цо бугони, цогидаб букIунаро. Бичун босизе ккани, гьелъул багъаги буго анцIила кIиго азар гъурущ, киназулго гурелъул гьелъиеги рес букIунеб. Нижеца республикаялъул сахлъи цIуниялъул министерствоялде унги, гьезулгун бухьен гьабунги бицана къварилъиялъул. Гьез рагIи кьун бугоха кумек гьабизе. Киналго районаздаса унтарал МахIачхъалаялда гемодиализалъул Централдаги данделъулелъул, хъвана Путинихъе кIицIулниги цадахъаб кагъат хIакъикъат бицун. Жеги жаваб щвечIоха...

МухIамадилгун хабар-кIалалда рукIаго, нижеца бухьен гьабуна, райбольницаялъул бетIерав тохтур Хейрул-Анам Дибирасулаевасулгун.

-Нижер районалдаса гемодиализ щвезе ккoлев анцIгониги чи вуго. Гьезда гьоркьоб буго цо лъимерги. Нижеца хIаракат бахъулеб буго, киназего инеги рачIинеги санагIалъиги букIунеб къагIидаялъ, щуго районалдасан рачIунел унтаразеги гIагардегIан ккoлелъул, Болъихъ райбольницаялда гьединаб кабинет рагьизе. Гьай-гьай, диеги бокьилаан гьеб Агъвали больницаялда рагьизе. Унтаразе санагIалъи гьабизе ккoлелъулха,-ян абуна бетIерав тохтурасги...

В. В. Путинил Указалда рекъон, унтаразе бихьизабун буго гемодиализ гьабулеб бакIалде щвезаризе машина. Гьеб рахъалъан Минздравалъулги буго кумек. Гьенисан вакилзаби рачIана Болъихъе, гемодиализ гьабулеб кабинет рагьизе бакI балагьизе. Гьебги хIадур буго. РагIи кьун буго исана гьеб рагьизе ва гьениб кинабго къваригIанщинаб чIезабизе.

**Рукъият ГIалисултанова**

Росдал газа кьурдаги рекIуна

# Гъунккиялъулъ буго къуват

Абизе ккола, гьаб гъваридаб магIнаялъул умумузул абиялъ гъункизе ва цолъизе



гьабуна Хуштадерил росдал жамагIат. Гьелъие «гIайибиял» ккола росдал администрациялъул бетIер, Дагъистаналъул халкъияв бахIарчи Асадула ИсмагIилов ва росдал дибир МухIамадзагьидил Абакар. Росуль гьабизе кколеб хIалтIи, гьелъие ругел ресал кIиявго нухмалъулес росдал харабигун дандбала, борцун, лъутIун халкъалда цебе лъола. Гьедин рекъон дандбараб хIалтIиялъ лъикIал хIасилал кьолел руго. Бигьаяб хIалтIи гуро росдал администраторасул лъабго росдал иш нухда бачизе ккани. ЦIияб Хуштада, Кьенгьара-гIурухъ, Хуштада-щибабалъул букIуна жинди-жиндир унти, гьаричIого рес гьечIел хIалтIаби. Асадулагьица бажарун, цогидазе мисал бихьизабун нухда бачунеб буго лъабабго росдал хIалтIи.

Росдал имамасги бетIерасги ахIи барабго, МахIачхъалаялдаса, Хасавюрталдаса, ЦIияб Хуштадаса кIинусго гIанасев гIолохъанчи бахъараб хвалчен гIадин росдал годекIанир рахъун чIана. Гьезул бажариялъ анкьго километралъул манзилалда рахъ бахъун, мащаби лъун росдал рагIалде лъим чвахизабуна. Трактор хIалтIизабизе бегьулеб бакIалда гьеб хIалтIизабун, гьеб хIалтIизабизе рес рекъоляреб бакIалда - рохьоб жанисан цо километралъул манзилалда гIолохъабаз цо кьоялъ бухъун рагIалде бахъана лъелмухъ.

Лъел рахъалъ кинабгIаги кварилъи гьечIел хуштадерица гьеб лъим бачизе ккана росу рагIалда цIиял минаби рараб авалалде. Гьеб гурищ росдал цолъи ва гъункки! Гьа-



бураб хIалтIухь балагьизе ва гIолохъабазе баркала кьезе вачIана районалъул нухмалъулев Шамил ГIумаровги.

ГIолохъабазе квен-тIехалъе гурун гьуждулгун хIалтIарал руччабазе баркала загьир гьабуна росдал имамас.

МагIарулазул аби буго къуват къезабулеб къуват гIемер букIунилан, амма халкъалъул къуват сунцаго къезабуларилан. Халкъалъул къуват ккола халкъалъул цолъи.

**ГIабдула Зубаиров**

## Рагъулаб операциялъул гIахьалчи



Инхокьвариса Шамил Бадрудинов гьавуна Гъизилюрт щагьаралда.

Шагьаралъул анкьабилеб гьоркьохьеб школаги лъугIизабун цIализе лъугьанаДагъистаналъул автомабилазулгун нухазул институталде.

2020 соналъ нилъер районалъул военкоматалдаса бачIараб повесткаялда рекъон Шамил ана тIадаб рагъулаб хьулухь тIубазе армиялде. Армиялда вукIаго лъабго моцIидаса аскариялгун кьотIикьай хьвана гьес.

Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялъул байбихьудаго гьенив гIахьаллъи нагьабуна Шамилица.

Контракталъул заманги лъугIун Шамил рокьове тIадвуссана.

**Заур Бадрудинов**

## Цумадинская футбольная лига-2023

### Турнирная таблица

| № | Команда | И | В | Н | П | Г | РГ | О |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | * Тинди | 10 | 10 | 0 | 0 | 65-21 | 44 | 30 |
| 2 | Агвали | 10 | 9 | 0 | 1 | 54-34 | 20 | 27 |
| 3 | Гачитли | 10 | 8 | 0 | 2 | 50-26 | 24 | 24 |
| 4 | Хуштада-Урух | 10 | 7 | 2 | 1 | 47-23 | 24 | 23 |
| 5 | Гигатли-Урух | 10 | 7 | 0 | 3 | 57-31 | 26 | 21 |
| 6 | Кеди | 10 | 4 | 2 | 4 | 44-40 | 4 | 14 |
| 7 | Кочали | 10 | 4 | 1 | 5 | 39-36 | 3 | 13 |
| 8 | Гадири | 10 | 4 | 1 | 5 | 42-40 | 2 | 13 |
| 9 | Тисси | 10 | 4 | 0 | 6 | 33-33 | 0 | 12 |
| 10 | Хуштада | 10 | 2 | 2 | 6 | 26-40 | -14 | 8 |
| 11 | Маштихи (Агвали) | 10 | 1 | 2 | 7 | 33-61 | -28 | 5 |
| 12 | Ричаганих | 10 | 1 | 2 | 7 | 32-64 | -32 | 5 |
| 13 | Ветераны (Агвали) | 10 | 1 | 1 | 8 | 31-87 | -56 | 4 |
| 14 | Нижнее Гаквари | 10 | 1 | 1 | 8 | 25-42 | -17 | 4 |

### Результаты 10 тура
### 26 август

| | | |
|---|---|---|
| Нижнее Гаквари | 5 : 1 | Ричаганих |
| Хуштада-Урух | 3 : 0 | Хуштада |
| Ветераны (Агвали) | 0 : 3 | Кеди |
| Маштихи (Агвали) | 3 : 11 | Гигатли-Урух |
| Гадири | 4 : 3 | Тисси |
| Агвали | 5 : 3 | Кочали |
| Гачитли | 3 : 6 | Тинди |

### Расписание матчей 11 тура
### 2 сентябрь

| | | |
|---|---|---|
| Маштихи (Агвали) | 15:00 | Ветераны (Агвали) |
| Нижнее Гаквари | 16:00 | Кочали |
| Гадири | 17:00 | Ричаганих |
| Кеди | 18:00 | Хуштада |
| Тисси | 19:00 | Гигатли-Урух |
| Хуштада-Урух | 20:00 | Гачитли |
| Агвали | 21:00 | Тинди |

Райадминистрациялъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго вацал МухIамад ва Загьид Загьидовазда гьезул хирияй эбел

**УмулхIабсат**

кьадаралде щвеялда бан. Аллагьас иманалда тIойитIун ятаги. ГIагарлъиялъе иманияб сабру кьеги.

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Жавабияв секретарь
Залимханова Хадижат
МухIамадовна
2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул кьватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета кьватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, 1 «А»

Тираж - 1295
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальгольи
гьорлъ бугеб ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
Golostsumady@mail.ru